



Mayor's Office of Housing (Biwo pou kesyon Lojman¹ (MOH)) Plan Aksè Pou Lang ak Kominikasyon (LCAP)²

ENTWODIKSYON

Biwo pou kesyon Lojman an responsab pou kreye lojman bon mache, lojman pou sanzabri, jere byen imobilye Meri a. Epitou nou veje pou moun k ap lwe yo epi mèt kay yo kapab jwenn, fè antretyen epi viv nan yon lojman.

OBJEKTIF

Biwo pou kesyon Lojman an te prepare Plan Aksè Pou Lang ak Kominikasyon (LCAP) pou defini pwotokòl ak pwosedi ke yo MOH pran pou rasire aksè enpòtan ak inivèsèl a sèvis, pwogram ak aktivite yo MOH pou moun ke yo idantifye ki pale yon lòt lang ki pa Anglè ak/oswa moun ki gen yon andikap.

Definisyon Moun ki pale yon lòt Lang ki pa Anglè (LOTE)

Moun ki genyen yon kapasite ki limite pou li, ekri, pale, oswa konprann Anglè epi ki gendwa kalifye pou asistans lang pou yon tip sèvis, avantaj, oswa rankont espesifik³.

Definisyon Moun ki genyen yon Andikap

Moun ki genyen yon andikap se moun ki gen yon pwoblèm fizik oswa mantal ki limite nan fason ki enpòtan youn oswa plizyè aktivite lavi. Yon aktivite lavi ki enpòtan gendwa genyen ladann, san li pa limite ak, wè, tandè, manje, dòmi, mache, kanpe, leve bagay, koube, pale, respire, aprann, li, konsantre, reflechi, kominike, ak travay.

¹ Sa se premye vèsyon tradiksyon non sèvis lan. Nou vle travay an kolaborasyon ansanm ak kominote Boston an pou toujou kontinye amelyore tradiksyon sa a. Nou mande epi nou ankouraje ou bay kòmantè ou sou tradiksyon sa a. Tanpri voye mesaj bay biwo nou an nan lca@boston.gov

² Nou toujou ap travay sou tout aspè ki gen nan depatman yo pou yo aksesib, epi nou toujou kontinye travay sou aspè sa yo ak tout depatman yo. Si ou genyen nenpòt kesyon oswa kòmantè sou nenpòt domèn nan plan depatmantal lan, tanpri kontakte nou: LCA@Boston.gov

³ **Kloz ki lye ansanm ak Lòt Lang ki pa Anglè:** Byenke nou konprann tèm Konpetans Limite nan Lang Anglè (Limited English Proficiency, LEP) HUD te itilize, politik sa a pito itilize tèm Lang ki diferan ak Anglè (Language other than English, LOTE).





Yap chanje plan sa a chak 2 lane epi li genyen ladann seksyon sa yo:

1. Estanda ak Done Lang Vil Boston sou kantite moun ki idantifye tankou moun ki pale Lang ki pa Anglè (LOTE) oswa ki genyen yon andikap.
2. Genyen plis chans pou se endividi ki pale Lang ki pa Anglè (LOTE) yo oswa ki gen andikap k ap itilize pwogram nan.
3. Aksesibilite pou pwogram ak sèvis ki enpòtan
4. Resous disponib pou endividi ki pale Lang ki pa Anglè (LOTE) ak moun ki andikape yo
5. Dokiman vital
6. Depoze yon Konplent pou Aksè Lang ak Kominikasyon

(1) Estanda ak Done Lang Vil Boston sou kantite moun ki idantifye tankou LOTE oswa ki genyen yon andikap.

Nan Vil Boston, 110,376 endividi, oswa 16.9% rezidan, pa pale Anglè kòm lang prensipal yo epi ki genyen kèk bezwen aksè ak pale, lekti, ekri, oswa konprann Anglè. An gwo, 15,886 endividi, oswa 2% de popilasyon Boston an, idantifye kòm moun ki genyen difikilte pou tande epi 15,861 endividi, oswa 2% nan popilasyon Boston an, idantifye kòm moun ki gen pwoblèm vizyon. Pou plis enfòmasyon gade [Rapò Done Demografik sou Lang Vil la](#) ansanm ak [Rapò Done Demografik Andikap](#) Vil la. Pou wè rapò sa a nan plizyè lang diferan tanpri al vizite: boston.gov/lca.

Vil Boston pral swiv Estanda Lang anba la a pou evènman ke Vil Boston Esponnsorize ak Enfòmasyon ak Dokiman Vil Boston.

Entèraksyon Elektè nan Tout Vil la

Vil la pral bay yon avi multilang nan lang sa yo, pou enfòm elektè yo ke yo kapab genyen entèpretasyon disponib sou demann. ASL obligatwa pou evènman k ap fèt nan tout vil la ak enfòmasyon ki enpòtan. Depatman yo pral konsilte ak LCA ak Komisyon pou moun ki gen andikap yo pou plis direktiv.

1. Panyòl (Amerik Latèn)
2. Chinwa Senplifye
3. Chinwa Tradisyonèl
4. Kreyòl Ayisyen



B

5. Vyetnamyen
6. Kreyòl Kap Vèd
7. Pòtigè (Brezilyen)
8. Larisi
9. Arab (Estanda)
10. Fransè (Ewopeyen)
11. Somali

Dokiman/Enfòmasyon ki Enpòtan:

Vil Boston dwe bay Dokiman ki enpòtan/Enfòmasyon ki enpòtan nan lang sa yo:

- Panyòl (Amerik Latin)
- Chinwa Senplifye
- Chinwa Tradisyonèl
- Kreyòl Ayisyen
- Vyetnamyen
- Kreyòl Kap Vèd
- Kantonè
- Pòtigè (Brezilyen)
- Larisi
- Arab (Estanda)
- Fransè (Ewopeyen)
- Somali

Evènman Katye:

Vil Boston pral bay entèpretasyon ak sèvis tradiksyon pou evènman Vil Boston k ap fèt nan kèk katye espesifik baze sou lang sa yo.

- **Allston** Chinwa
- **Back Bay** anyen
- **Beacon Hill** anyen
- **Brighton** Chinwa, Panyòl, Larisi, ak Pòtigè
- **Charlestown** Chinwa
- **Chinatown** Chinwa
- **Dorchester** Panyòl, Vyetnamyen, Kreyòl Ayisyen, Kreyòl Kap Vèd
- **Downtown** Chinwa
- **East Boston** Panyòl
- **Fenway** Chinwa
- **Hyde Park** Panyòl ak Kreyòl Ayisyen
- **Jamaica Plain** Panyòl
- **Longwood** Panyòl



B

- **Mattapan** Kreyòl Ayisyen ak Panyòl
- **Mission Hill** Panyòl
- **North End** anyen
- **Roslindale** Panyòl ak Kreyòl Ayisyen
- **Roxbury** Panyòl, Kreyòl Kap Vèd ak Kreyòl Ayisyen
- **South Boston** anyen
- **South Boston Waterfront** anyen
- **South End** Chinwa ak Panyòl
- **West End** anyen
- **West Roxbury** Kreyòl Ayisyen

(2) Pwogram oswa sèvis ki genyen plis chans pou se endividi LOTE oswa ki genyen yon andikap kap itilize yo

Tablo ki anba la a ap prezante divizyon depatman ak pwogram ak sèvis ki gen plis chans pou antre an kontak ak moun ki idantifye kòm LOTE oswa moun ki genyen yon andikap.

Divizyon	Pwogram
Biwo sèvis Establiite Lojman	Finansman pou Ede ak Lokasyon, Asistans pou Degèpisman, Konsiltasyon Legal, Èd pou Chèche Lojman, Chèltè Ijans, Asistans nan ka gen Dife ak Katastwòf, Vizit san Randevou Tout dokiman ki gen rapò yo tradui yo nan 11 Lang lizyè katye Meri a epi gen sèvis entèpretasyon ki disponib si gen bezwen.
Sant Akèy nan Boston	Pwogram pou Achte Kay tankou asistans ipotèk/finansye ak tiraj pou achte kay, Pwogram Reparasyon Kay, Asistans nan kesyon Sezi Byen , Pwogram pou Efase , ak pwogram espesyal pou granmoun aje ki bezwen repare kay oswa finanse ipotèk kay lan ankò. Pwogram sa yo genyen tout dokiman ki gen rapò yo tradui nan 11 Lang lizyè katye Meri a epi gen sèvis entèpretasyon ki disponib si gen bezwen.
Maketin Preferansyèl	Metrolist, Tiraj pou Lojman Sosyal, anons pou tiraj lojman abòdab yo tradui nan 11 Lang lizyè katye Meri a.



B

Konfòmite	Dokiman ki gen rapò ak prè ipotèk, asistans finansye, konvansyon sou lojman bon mache yo tradui nan 11 Lang lizyè katye Meri a
Lojman avèk Asistans	Fòm admisyon Chèltè Ijans Plizyè Lang

Objektif pou pwogram sa yo se asire ke popilasyon ki site a jwenn aksè enpòtan pandan tout pwosesis la, jan sa souliye nan Langaj pou Plan Aksè ak Kominikasyon an.

(3) Aksesibilite pou pwogram ak sèvis enpòtan

Biwo nou an pral travay nan fason rapwoche ak Biwo Aksè Lang ak Kominikasyon pou direktiv pou asire aksè enpòtan nan aktivite, enfòmasyon, sèvis ak pwogram ki gen enpòtans.

(4) Resous disponib pou endividi ki se LOTE ak moun ki gen yon andikap

Vil la se benefisyè asistans federal. Donk, li gen obligasyon pou diminye baryè nan lang ak kominikasyon kap anpeche aksè enpòtan nan sèvis ak pwogram gouvènman yo. Chak depatman genyen responsablite pou peye akomodasyon tradiksyon, entèpretasyon ak teknoloji asistans pou sèvis, enfòmasyon, pwogram oswa evènman Vil la ofri yo. Sa genyen ladann:

- ☐ Entèpretasyon Lang Pale: Entèpretasyon an pèsòn, pa telefòn oswa sou Entèpretasyon videyo a distans
- ☐ Entèpretasyon Lang Siy
- ☐ Tradiksyon Dokiman ak Enfòmasyon ki Enpòtan
- ☐ Tradiksyon Materyèl ki Ekri
- ☐ Aksè ak Kominikasyon nan Tan Reyèl (CART)
- ☐ Teknoloji Asistans
- ☐ Ekipman Entèpretasyon Similtane

(5) Dokiman vital

Nan lane 2023, Biwo pou kesyon Lojman yo kòmanse revize fòm, lèt ak dokiman ke yo te itilize nan administrasyon pwogram li yo, epi idantifye dokiman sa yo ke yo konsidere kòm vital. Biwo pou kesyon Lojman pral tradui dokiman vital jan resous yo pèmèt sa. Dokiman vital ki poko tradui pral genyen ladann yon Avi Babel (Enfòmasyon vital nan plizyè lang (Babel Notice)). Avi sa a pral bay elektè yo enfòmasyon kontak pou mande yon tradiksyon san frè. Gade dokiman vital nou yo annapre a:

Lis Dokiman Vital		
Tit Dokiman an	Tradiksyon	Fòm aksesib disponib:
Dokiman OHS: Kisa pou fè nan ka gen yon Dife- Nan ka genyen yon dife, li enpòtan pou lokatè yo ansanm ak moun ki responsab pou lwe kay konprann dwa ak obligasyon yo genyen.	• English • Español/Spanish • Kreyòl ayisyen/ Haitian Creole • Tiếng Việt/ Vietnamese • Kriolu /Cabo Verdean Creole • Français/ French • Af Soomaali/Somali • 简体中文/ Simplified Chinese • 繁體中文 /Traditional Chinese • Português/ Brazilian Portuguese • Русский/ Russian • العربية/ Arabic	
<u>Biwo Estabilite nan Lojman</u> • Fòm Kontak pou Biwo Estabilite nan Lojman: ◦ Objektif Biwo Estabilite nan Lojman se pou mete rezidan yo nan chimen estabilite pou lojman. Li ede moun ki lwe kay yo nan sitiyaasyon kote gen yon kriz akòz dife, katastwòf natirèl, yon espilasyon oswa yon kondanasyon. Ou kapab ranpli fòm ki nan plizyè lang la oswa rele nan nimewo sa 617-635-4200. • Lwa sou Notifikasyon Estabilite ◦ Lwa sou Notifikasyon Estabilite nan Lojman egzije tout pwopriyetè yo pou bay lokatè yon avi sou dwa ak resous pou lokatè yo, lè yo ap panse pou kanpe kontra lokasyon an. Gen enfòmasyon nan plizyè lang sou lwa sou estabilite nan lojman ki disponib nan plizyè lang sou sit entènèt sa a. • Klinik Jiridik ◦ Chak semèn Biwo Estabilite nan Lojman an òganize yon klinik jiridik vityèl pou ti pwopriyetè ak lokatè yo. Ou kapab mande yon entèpretasyon pandan w ap ranpli fòm sa a. • Gid pou Rechèch Lojman ◦ Jwenn enfòmasyon sou baz rechèch lojman nan vil Boston. Nou kapab jwenn enfòmasyon nan plizyè lan sou sit entènèt sa a. • Asirans pou Lokatè ◦ Gen enfòmasyon nan plizyè lang sou fason asirans lokatè a kouvri frè ki gen rapò ak evènman ki rive sanzatann nan lojman ou an.		

Sant Akèy Boston

- **Prevansyon ak Entèvansyon pou Sezi**
 - Sant Akèy Boston ofri konsèy gratis nan kesyon prevansyon epi sou kesyon sezi, epitou li bay sèvis sou prezèvasyon lojman. Sèvis nou yo gratis, epi yo konfidansyèl. Nou kapab jwenn enfòmasyon nan plizyè lang sou [sit entènèt sa a](#).
- **Pwogram Prè pou Reparasyon Lojman**
 - Jwenn enfòmasyon sou pwogram reparasyon lojman Biwo pou Lojman ak Pwosedir pou kandidati. N ap jwenn aplikasyon ki disponib nan plizyè lang sou [sit entènèt sa a](#).
- **Pwogram Lojman Sipleman**
 - Jwenn enfòmasyon sou fason pou ajoute yon lojman anplis (ADU) nan pwopriete ou a. N ap jwenn aplikasyon ki disponib nan plizyè lang sou [sit entènèt sa a](#).
- **Inisyativ Kay Ki sou Katye a**
 - Inisyativ Kay Ki Sou Katye a (Neighborhood Homes Initiative) itilize teren ki sou katye a pou kreye posibilite pou moun gen aksè ak pwopriete ki abòdab pou moun k ap achte nan Boston. N ap jwenn aplikasyon ki disponib nan plizyè lang sou [sit entènèt sa a](#).

(6) Depoze yon Konplent pou Aksè Lang ak Kominikasyon

Ou gen dwa pou depoze yon konplent si-w santi ke-w te viktim de diskriminasyon. Vil la pap fè reprezay si yon endividi te ranpli yon konplent diskriminasyon sou baz kondisyon LOTE oswa andikap. Depatman nou an pral travay ak Biwo Aksè pou Lang ak Kominikasyon pou jere konplent yo.

Kijan pou w depoze yon plent:

- **An Pèsòn: Mande nou yon [fòm konplent](#) nan lang pa-w la.**
 - [Large Print Version](#)
 - [Español/ Spanish-Versión en Letra Grande](#)
 - [Kreyòl ayisyen/ Haitian Creole -Vèsyon an gwo lèt](#)
 - [繁體中文/ Traditional Chinese -大號字印刷版](#)
 - [Tiếng Việt/ Vietnamese -Chữ In Lớn](#)
 - [Kriolu/ Cabo Verdean Creole - Versón na Letra Grandi](#)
 - [Français/ French -Version en gros caractères](#)
 - [Af Soomaali/ Somali- Daabacaada farta weyn](#)
 - [简体中文/ Simplified Chinese- 大字版](#)
 - [Português/ Brazilian Portuguese -Versão em Letra Grande](#)





- [Русский/ Russian](#) - [Текст крупным шрифтом](#)
[العربية/Arabic](#) - [نسخة بالخط الكبير](#) ○
- **Voye yon Imèl nan:** LCA@boston.gov ak konplent ou an.
- **Rele:** 617-635-3414 to pou depoze yon konplent
- **Poste:** Telechaje [fòm konplent lan](#) epi voye li pa lapòs bay:
 - 1 City Hall Sq. #500
 - Boston, MA 02201
 - Language and Communications Access
 - Room 817
 - [Large Print Version](#)
 - [Español/ Spanish](#) - [Versión en Letra Grande](#)
 - [Kreyòl ayisyen/ Haitian Creole](#) - [Vèsyon an gwo lèt](#)
 - [繁體中文/ Traditional Chinese](#) - [大號字印刷版](#)
 - [Tiếng Việt/ Vietnamese](#) - [Chữ In Lớn](#)
 - [Kriolu/ Cabo Verdean Creole](#) - [Versón na Letra Grandi](#)
 - [Français/ French](#) - [Version en gros caractères](#)
 - [Af Soomaali/ Somali](#) - [Daabacaada farta weyn](#)
 - [简体中文/ Simplified Chinese](#) - [大字版](#)
 - [Português/ Brazilian Portuguese](#) - [Versão em Letra Grande](#)
 - [Русский/ Russian](#) - [Текст крупным шрифтом](#)
[العربية/Arabic](#) - [نسخة بالخط الكبير](#) ■
- **Anliy: Ranpli [fòm konplent anliy](#) nou an**
 - [Español/ Spanish](#)
 - [Kreyòl ayisyen/ Haitian Creole](#)
 - [繁體中文/ Traditional Chinese](#)
 - [Tiếng Việt/ Vietnamese](#)
 - [Kriolu/ Cabo Verdean Creole](#)
 - [Français/ French](#)
 - [Af Soomaali/ Somali](#)
 - [简体中文/ Simplified Chinese](#)
 - [Português/ Brazilian Portuguese](#)
 - [Русский/ Russian](#)

[العربية/Arabic](#) ○

